UNHCR
L'Agence des Nations Unies pour les réfugiés

# DEMANN AZIL NAN PEYI KANADA

## ETAP 1

Eske'w deja Kanada?



Ou kapab mande azil nan youn nan biwo imigrasyon, refijye ak sitwayennte Kanada (IRCC) pandan wap ranpli fòmilè yo egzije pou sa.

Eske'w rive Kanada nan avyon, bato, osinon nan yon pòs ofisyèl sou fwontyè a?





Ou kapab mande azil nan rantre a bò kote Ajans Sèvis Fwontalye Kanada (ASFC).

Eske'w nan peyi Etazini? Eske'w anvizaje travèse fwontyè Kanada a nan fason ilegal (ant pòs ofisyèl ki sou fwontyè a)?



Lapolis ap arete'w epi poze'w kesyon sou rezon ki fè'w rantre a.







Otorite yo ap gen pou fè yon kontwòl sekirite, yo pral verifye idantite'w epi poze'w kesyon pou yo konnen si'w kapab pouswiv demann azil ou a.

Ou pap kapab pouswiv demann azil ou Kanada (pou rezon sekirite, kriminalite, osinon lòt kritè).

Wap oblije kite Kanada.*

Ou kapab pouswiv demann azil ou a Kanada.

## ETAP 2



Demann azil ou a pral transfere nan Komisyon imigrasyon ak stati refijye yo (CISR) pou yon odyans kote'w pral gen pou'w reponn kesyon sou krentif ou genyen pou sekirite'w. Komisyon an ap gen pou deside aprè si'w admisib pou genyen stati refijye.

## ETAP 3

Demann azil ou a aksepte.

Demann azil ou a refize.*




Si'w pa admisib pou fè apèl nan Seksyon apèl refijye yo (SAR), ou kapab mande Lakou federal revize desizyon an.

Refize nan Lakou federal Posiblite pou'w kite Kanada.*

Revizyon reyisi. Nap retounen nan Etap 2.



Si ou admisib ou kapab fè apèl nan Seksyon apèl refijye yo (SAR) ki nan CISR.

Apèl la rejte.*

Apèl la reyisi Demann azil aksepte osinon nap retounen nan Etap 2.

Nan 15 jou depi'w fin resevwa desizyon an, ou kapab mande Lakou federal pou egzaminen desizyon an yon lòt fwa.

Refize nan Lakou federal. Posiblite pou kite Kanada.*

Revizyon reyisi Nap retounen nan SAR.

*Imaj sa yo pa bay tout etap pwosesis yon demann azil, yo pa bay nonplis delè ki dwe respekte yo pou soumèt fòmilè ak prèv yo. Mande èd jiridik pou'w kapab prezante demann ou an nan CISR.